



**Taxi & Limousine
Commission**

Pa gen nouvo lisans pou machin FHV yo pou yon (1) ane ak chanjman nan frè pou lisans WAV yo

Meera Joshi
Manm Komisyon/Prezidan

Allan J. Fromberg
Afè Piblik
frombera@tlc.nyc.gov

Rebecca Harshbarger
Afè Piblik
harshbargerR@tlc.nyc.gov

33 Beaver Street
22nd Floor
New York, NY 10004

Aprèmi sa a, Majistra Vil New York Bill de Blasio te siyen yon chanjman nan lwa lokal ki kontwole taksi ak veyikil ki disponib pou travay yo. Nou vle ou konnen de (2) chanjman sa yo pral antre anviye jodiya.

Nouvo Lisans pou Machin FHV yo

Apati **5:00 PM JODIYA**, TLC pral bay nouvo lisans machin FHV sèlman bay Machin ki Aksesib pou Chèz Woulant yo (Wheelchair Accessible Vehicles, WAV). Poz pou yon (1) ane sa a PA pral afekte moun ki pwopriyetè machin FHV kounye a; se sèlman moun k ap aplike pou nouvo lisans machin FHV l ap afekte. Dat ak lè yo soumèt Afimasyon Baz pou machin nan pral detèmine si poz yon (1) ane a ap aplike:

- Pou Afimasyon Baz yo soumèt AVAN 5:00 pm jodiya, madi 14 out 2018, kondisyon lisans machin FHV nòmal la ap aplike. Machin sa yo pa oblije Aksesib pou Chèz Woulant.
- Pou Afimasyon Baz yo soumèt NAN 5:00 PM jodiya, madi 14 out 2018 oswa APRE, poz yon (1) ane an ap aplike. Machin sa yo dwe Aksesib pou Chèz Woulant. Baz yo ka soumèt yon Afimasyon Baz pou yon nouvo lisans Machin Wav FHV kòmanse 23 out 2018, apre chanjman TLC pral yo pral fè gen nouvo lwa a.

Tanpri note byen, nan sèten sikonstans limite, TLC pral bay yon nouvo lisans FHV bay yon machin ki pa aksesib pou chèz woulant si chofè a gen yon kontra alontèm ak opsyon pou achte machin nan EPI chofè a te deside achte machin nan. Yo pral deside eksepsyon sa a selon ka a epi chofè a pral oblije soumèt dokiman bay TLC ki montre li kalifye pou eksepsyon sa a. TLC pral afiche pwosesis eksepsyon sa a pou chofè yo sou sitwèb TLC a lòt semèn.

Egzanpsyon pou Frè Lisans WAV

Kòmanse t **12:00 AM JODIYA**, 14 out 2018, y ap bay yo egzanpsyon pou frè lisans pou machin Taksi Jòn ak FHV yo, ki gen FHV yo itilize ak yon pèmi Taksi Vèt (SHL), SI lisans y ap bay la se pou yon Machin ki Aksesib pou Chèz Woulant (WAV) nan dat yo depoze yon aplikasyon pou yon nouvo lisans oswa pou yon renouvèlman.

Espesyalman, yo pral bay egzanpsyon pou frè sa yo si yo itilize yon WAV:

- Taksi Jòn: frè lisans \$550 chak ane a
- FHV: Frè lisans machin \$275 chak ane a

W ap toujou bezwen peye tout lòt frè ki genyen, tankou enspeksyon machin ak taks machin komèsyal (commercial motor vehicle tax, CMVT).

Kounye a TLC ap mete sistèm lisans an liy li an ajou pou reflète chanjman sa a. Toutotan yo poko mete LARS ajou, moun ki gen lisans yo dwe kontinye peye frè lisans yo sou LARS epi TLC ap bay yon ranbousman. Kòmanse 23 out 2018, pwopriyetè machin FHV yo pa pral gen pou peye yon frè lisans sou LARS. Nou ankouraje pwopriyetè machin WAV lisans yo pa pral ekspire avan 23 out 2018 tann jiska jou sa a pou re-aplike.

Tanpri note byen, nou pa pral bay okenn ranbousman pou aplikasyon pou yon nouvo lisans WAV oswa pou renouvèlman yo te soumèt avan 12:00 AM nan dat 14 out 2018.